



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO TE BAY 3.1 MILYON DOLA POU FÒME 3,600 NOUYÒKÈ NAN KAD NOUVO INISYATIV DEVLOPMAN MENDÈV ISTORIK NEW YORK LA

Apeprè 70 nouvo biznis, inivèsite kominotè ak òganizasyon kominotè nan Eta New York pral resevwa finansman pou devlopman mendèv

Sibvansyon yo pral finanse fòmasyon pou konpetans sou demann yo pou plis pase 3,600 Nouyòkè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke apeprè 70 biznis, inivèsite kominotè ak òganizasyon kominotè nan tout eta a te resevwa 3.1 milyon dola nan kad Inisyativ Devlopman Mendèv (Workforce Development Initiative) istorik eta a. Lajan sibvansyon an atravè Depatman Travay (Department of Labor) ak State University of New York pral sipòte opòtinite fòmasyon pwofesyonèl pou 3,644 Nouyòkè nan aprann yo konpetans ke anplwayè yo ap mande. Depi lansman an nan mwa me 2019, apeprè 12 milyon dola te bay atravè Inisyativ Devlopman Mendèv 175 milyon dola a ki pral bay fòmasyon pou plis pase 8,200 Nouyòkè.

"Sibvansyon sa yo pral bay plizyè milye moun fòmasyon ak konpetans yo bezwen pou yo konpetitif nan endistri ki ap grandi rapid yo jodi a epi pou yo pare pou okipe travay demen yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mendèv eta a dwe adapte pou pran avantaj ekonomi an ki ap chanje rapid epi Inisyativ Devlopman Mendèv nou an ap bay Nouyòkè yo avantaj yo bezwen pou reyisi."

"Pwoblèm prensipal mwen tande anplwayè yo nan eta a di yo rankontre sè ke yo pa ka jwenn travayè ki gen konpetans yo bezwen pou travay 21yèm syèk la", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Se poutèt sa a nan kad Inisyativ Devlopman Mendèv istorik 175 milyon dola nou an, n ap investi 3.1 milyon dola nan pwogram fòmasyon travay ke apeprè 70 biznis, òganizasyon ki pa gen bi likratif ak òganizasyon kominotè nan Eta New York pral dirije ki pral benefisyè 3,600 Nouyòkè. Swa se gastwonomi oswa fabrikasyon avanse, n ap investi ak travay pou mete fen nan mank konpetans ki genyen an epi prepare tout Nouyòkè yo pou travay jodi a ak sa alavni yo."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Councils, REDC) jwe yon wòl kle nan rekòmande aplikasyon pou finansman, sou baz bezwen ak opòtinite ekonomik rejyonal yo. Biznis ak òganizasyon ki soti nan uit rejyon REDC yo ki ap resevwa sibvansyon Devlopman Mendèv gen ladan:

- **Finger Lakes:** Baxter, Foodlink, Genesee Construction Service, Graham Corporation, Lifetime Assistance, Mary Cariola Childrens Center, McAlpin Industries, Optimax, Ortho Clinical Diagnostics, Prestolite, WayneFinger Lakes BOCES
- **Southern Tier:** ACHIEVE, DYCO Electronics, Global Cloud Solutions, MPL Inc., Raymond-Hadley, Triple Cities Network Solutions
- **Rejyon Kapital:** Albany Schoharie Schenectady Saratoga BOCES
- **New York Santral:** Ames Linen Service, Learning Disabilities Association of CNY, Marathon Boat Group
- **Mid-Hudson:** Caribbean Food Delights, Genpak, Rockland BOCES, ShopRite, Touro College and University System, Walden Savings Bank
- **Mohawk Valley:** Breton Industries
- **Long Island:** 106th Rescue Wing Air National Guard nan Gabreski Airport, AHRC Suffolk County, American Regent, Catholic Health Services of Long Island, Developmental Disabilities Institute, East End Disabilities Associates, Family Residences and Essential Enterprises, Independent Group Home Living, NYU-Winthrop Hospital, Norman Keil Nurseries, SightMD, St. Francis Hospital
- **Rejyon Lwès New York:** American Niagara Hospitality, Audubon Machinery Corporation, Brunner International, Bush Industries, Cattaraugus County, Erie 2-Chautauqua-Cattaraugus BOCES, Intandem, Napoleon Engineering Services, Niagara Industrial Mechanical, People Inc, Precious Plate, SG Special Mold Components, Southern Tier Environments for Living, Saint Gobain, Snyder Corporation, Time Release Sciences, TitanX, Tulip Richardson Manufacturing, VanDeMark Chemical, Washington Mills

Inivèsite kominotè SUNY yo nan tout eta ki sipòte pwojè fòmasyon pwofesyonèl la gen ladan: Broome, Dutchess, Genesee, Jamestown, Mohawk Valley, Monroe, Nassau, Konte Niagara, Konte Orange ak Konte Suffolk. Pwojè yo finanse atravè Depatman Travay NYS ki gen ladan sit nan Rejyon Kapital, New York Santral, Finger Lakes, Mid-Hudson, Mohawk Valley ak Lwès New York.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric J. Gertler te deklare, "Kòmansè ak etann biznis ki gen siksè nan New York egzije yon mendèv ki gen konpetans nesèsè pou sipòte domèn ki nouvo ak sou demann yo ki ap devlope nan Empire State. Mwen aplodi vizyon Gouvènè Cuomo a, ki fonde sou fòmil gayan pou kwasans ekonomik epi asire ke nou ap fòme pi bon talan yo jodi a pou endistri demen yo".

Komisè Depatman Travay la, Roberta Reardon, te di, "Gras ak Gouvènè Cuomo, pousantaj chomaj la ba nan tout eta a epi travay nan sektè prive nan New York nan yon nivo istorik ki wo. Nou bezwen yon mendèv ki fòme epi pare pou satisfè bezwen ki ap grandi rapid sa yo. Devlopman Mendèv la se kle nan sa ki gen pou wè ak asire Nouyòkè yo gen konpetans nan nouvo domèn yo men pandan teknoloji a ap chanje, y ap fòme yo pou fè pwogrè nan pozisyon aktyèl yo".

Rektris SUNY an, Kristina M. Johnson te deklare, "Gouvènè Cuomo kontinye se yon katalizè nan rapwoche endistri a ak yon mendèv ki fòme atravè patenarya piblik-prive yo nan tout eta nou an. Nou fyè pou wòl inivèsite kominotè SUNY yo ap jwe nan Inisyativ Devlopman Mendèv la kòm nwayo santral pou fòmasyon travay ak edikasyon

pèsonalize ansanm ak kolaboratè yo ki gen biznis ak òganizasyon y ap sèvi nan rejyon yo a".

Inisyativ Devlopman Mendèv Gouvènè Cuomo a

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a envestisman 175 milyon dola nan tout Eta a pou Inisyativ Devlopman Mendèv la nan mwa me 2019 pou sipòte efò estratejik rejyonal yo ki ap satisfè bezwen mendèv akoutèm biznis yo, amelyore filyè talan rejyonal yo, amelyore fleksibilite ak adaptabilite antite mendèv lokal yo, etann opòtinite aprantisaj yo epi abòde bezwen alontèm endistri ki an devlopman yo. Fon sa yo pral sipòte tou efò ki ap fèt pou amelyore sekirite ekonomik pou fanm, jèn, ak lòt popilasyon ki ap fè fas a obstak konsiderab ki anpeche yo vanse nan karyè yo. Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Eta a jwe yon wòl kle nan rekòmande pwojè ki aliyen ak plan devlopman mendèv ak ekonomik rejyon yo a.

Nan mwa septanm 2019, yo te bay plis pase 3 milyon dola nan sibvansyon Inisyativ Devlopman Mendèv ak Inivèsite Kominotè Mohawk Valley, North Country pou Agri-Mark ak International Paper, ak Broome pou Kòporasyon Raymond (Raymond Corporation) an, ak Corning pou Bank Epay Elmira (Elmira Savings Bank), ak Mohawk Valley pou C & H Plastics pou etann anpil aprantisaj yo nan endistri wot kwasans lan. Nan mwa janvyè 2020, 3.4 milyon dola nan sibvansyon Inisyativ Devlopman Mendèv la te bay ak 61 biznis, inivèsite kominotè ak òganizasyon kominotè nan Eta New York pou fòme 2,464 Nouyòkè ki gen konpetans ki sou demann. Epitou, nan mwa fevriye 2020, 2.3 milyon dola te bay pou fòme 825 Nouyòkè. W ap jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Devlopman Mendèv la ak sibvansyon yo ki te anonse jiska jodi a nan workforcedevelopment.ny.gov.

Enfòmasyon sou Depatman Travay Eta New York la

Misyon Depatman Travay Eta New York la se transfòme monn travay New York la. Nou responsabilize epi nou pwoteje mendèv New York la nan administre asirans chomaj pou sila yo ki pa gen travay epi ki ap chèche travay, nan asire ke yo respekte salè minimòm ak lòt lwa sou travay yo epi nan edike tout travayè yo konsènan dwa yo. Nou bati ak sipòte biznis yo nan ede yo rekrute travayè yo, jere mendèv yo, devlope pwogram aprantisaj yo epi jwenn kredi enpo ak ensitasyon pou anboche. Nou ede travayè yo jwenn karyè yo renmen an nan 96 sant karyè nou yo nan tout eta a, ki bay sèvis gratis tankou plasman nan travay, asistans nan ekri kourikoulòm ak lèt motivasyon, preparasyon pou entèvyou ak referans pou fòmasyon nan travay pou sila yo ki ap chèche jwenn yon travay, chanje karyè oswa avanse nan yon karyè aktyèl.

Enfòmasyon sou State University of New York

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 kolèj oswa inivèsite SUNY yo. Nan otòn 2019, te gen plis pase 415,500 etidyan ki te enskri nan yon pwogram diplòm nan yon kanpis SUNY. An total, SUNY sèvi pandan tout ane a anviwon 1.4 milyon etidyan nan kou ak pwogram ki ofri kredi, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY sipèvizè prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Tout sistèm depans pou rechèch yo te depase 1.7 milya dola nan ane fiskal 2019 la, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men elèv ak pwofesè yo. Genyen twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsité se yon ansyen etidyan SUNY.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb www.suny.edu.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)